

Pwochen aterisaj ak dekolaj elikoptè sou kanpis la

16 Novanm 2023

Chè Kominote ki sou Kanpis la,

Yo prevwa yon seri aterisaj ak dekolaj elikoptè sou Chapel Fields nan kad yon seri egzèsis edikatif ak antrènman pou pwogram Army ROTC la. Evènman sa yo se yon seri pratik ki rive souvan, epi nou pa bezwen bay tèt nou pwoblèm pou sa. Sikilasyon pyeton yo sou Chapel Fields p ap tèlman deranje pandan aterisaj ak dekolaj yo.

Aktyèlman, evènman yo planifye pou:

- 17 novanm 2023, soti 9 a.m. pou 10 a.m.
- 19 novanm 2023, soti 12 p.m. pou 1 p.m.

Gen posibilite pou yo modifiye oswa anile tout dat ak lè sa yo san yo pa fè nou konn sa alavans.

University of Maryland Army ROTC asosye avèk inivèsite a pou bay Kadè yo edikasyon, fòmasyon epi pou enspire yo yon fason pou yo vin tounen lidè ki gen karaktè nan Lane pou kominote a ak nasyon an.

Sensèman,

Daniel Fass

Lyetnan Kolonèl

Pwofesè Syans Militè

University of Maryland Army ROTC